



Kumenya igihe hakwiriye kwongerezwa amazi

Iyi migambi yo gusubiza ubuzima aho hantu izogarukanaho amazi nk'uko vyari bisanzwe mu bice cenda vy'agaciro kanini k'ivyo biyaya vyuzuramwo amazi. Tuzokwirikiranira hagufi ibiringo ayo mazi aguma arenga inkcombe kandi turekure amazi mu myaka igihe aho hantu haba hakeneye ayandi mazi kugira ngo hagume hari ubuzima, hameze neza. Ntituzorekura amazi umwaka ku mwaka kiretsi iyo ico kiyaya cahora cuzura amazi kizoba kiyakeneye.

Ugutegura gushira amazi aho hantu hamwe hamwe gushobora guhindagurika; umwaka uwo ari wo wose hamwe n'ibihе vyo kuvomerera bizovana n'ibantu bitari bike, nk'akarorero ukugene aho hantu harengewa n'amazi hameze, ukuronka amazi, ukwuzura kw'uruzi hamwe n'igihe urwo ruzi ruherukira kwuzura canke igihe aho hantu haherukira kubona amazi canke kuvomererwa.

Iyindi migambi nk'ijo iya yarakozwe kandi igenda neza biciye mu rutonde ruzima rw'uruzi Murray. Ronderera kuri www.mdba.gov.au ku zindi nkuru zerekanye n'aho hantu.

Gukora iyo migambi

Turamaze igihe kitari gito dukorera kuri iyi migambi, tugira integuro kugira ngo inyubako tuzokwubaka zizogarakane ubuzima muri ico kiyaya gikunda kurengewa n'amazi.

Duteye tuja imbere, imigambi izokorwa mu vyicira. Ukwemezwu n'amategeko kugizwe n'ugutegura hamwe n'uguhanahana iviyumviro kugira ngo bitebe vyemerwe hamwe n'ukuronka uburyo, amahera y'ukubandanya iyo migambi. Duharura yuko twotangura ukwubaka mu mwaka wa 2023 kandi tukazokorana n'ibibano vy'ah hantu muri ico gihe kugira ngo dukinge ikintu cose coza gutesha uwo mugambi.



Imigambi izoca mu kiringo kinini co guhanwahanwako iviyumviro n'ibibano, abantu bene iyo myonga kuva kera, ababifise mwo uruhara imbere yuko iyo migambi yemererwa kubandanya.

Nimba hari ikibazo ufise ku bijanye n'iyi migambi canke nah o ugashaka kwifatanya n'ikibano mu kugishwa inama, twandikire ubutumwa buciye kuri e mail kuri info@vmfrp.vic.gov.au

February 2021

vmfrp.com.au

Kwongera Kugarukana Ubuzima mu biyaya vyatewe n'amazi y'uruzi Murray



Umugambi wo kugarukana ubuzima mu kiyaya catewe n'amazi yarenze inkcombe y'uruzi Murray kizoronka amazi menshi akenewe mu biyaya cenda vy'agaciro kanini vyo ku nkengera y'uruzi Murray. Hatariho ayo mazi, ivyo kiyaya vyiza cane bibereye kurabisha ijisho bizobandanya vyononekara- hamwe n'ibindi biti vyinshi vya kavukie k'aho nyene, ibikoko n'ibiterwa bikura kubera iyo myuzure.

Kugarukana ubuzima muri ivyo biyaya bihara birengewa n'amazi

Ibiyqaya vyuzuramwo amazi vyo ku nkenegra y'uruzi Murray vyagumye vytiegurira kwakira amazi y'ibihе kanaka vyagiye bikurakuranwa. Dufatiye kuri kahise, urwo ruzi rwaruzura rukarekurira amazi mu biyaya mu myaka 8 kuri cumi, bigatuma habaho ikiyaya ciza kibereye kuraba, cuzyemwo ibinyabuzima vyinshi.

Nukuo ibisagara vyacu, uburimi, n'amahinguriro vyagiye birakura, twarahinduye ukugene urwo ruzi rutemba kugira ngo intumbero zacu zishikweko mu gukoresha ingomero n'ama weirs.

Nubwo ibi vyagirire akamaro ibibano vyo mu karere hamwe n'ubutunzi bwabo, amazi ntigitemba nkuko yahora atemba, kandi uruzi rwa Murray ntirukivomerera ibi biyaya vyahora birengewa n'amazi kenshi kugira ngo bigumane ubuzima.


VMFRP izovanaho inzitizi zibuza amazi y'umwuzure ko atembera mu bwato kandi bubake inyubako zituma amazi atemba ku rugero, bashiremwmo imigende, hamwe n'aho kubika amazi azovomera ivyo biyaya vyahora vyuzura amazi kandi aho hantu hashobore kubika ayo mazi igihe kirekire.

Ayo mazi azozana ubuzima bushasha kandi afashe aho hantu icenda hahora harengewa n'amazi habitse ibinyabuzima kugira ngo bibandanye bibaho kandi hazoshobore kubandanya habaho muri kazoa no mu bihe vy'uruzuba hazoba humye, kugira ngo habandanye hagirira akamaro urunganwe ruzoza no hanyuma.



Ibiyaya vyiza birengerwqa n'amazi vyuzuyemwo ubuzima

Hariho ubundi bwoko bw'ibikoko buzokwunguka kubera
ukugarukanwa kw'imigambi izobera mu kiyaya kirengerwa n'amazi



Ibibano vyo mu micungararo n'abashitsi

Ibiyaya birengerwa n'amazi y'uruzi ni ahantu hameze neza kandi heza ho gutemberera kandi hashobora gukoreshwa iyo umuntu ariko arinezereza mu bwato, kuroba, hamwe no kuruhukira.

Beneho ba kera

Beneho ba kera bafise imigenderanire yubakiye ku mico, ku vy'impwemu n'ubutunzi bishingiye ku rusi, ku mazi n'ubundi butunzi biciye mu migenderanire yabo n'ighugu, ukugene bagiye bakoresha urwo rusi n'amazi mu buryo bwiza mu runganwe rw'imyaka ibihumbi n'ibihumbagiza.

Ibinyabuzima cimeza bwo mu micungararo

Ubwoko bwinshi bw'ibinyabuzima bubeshejweho n'amazi yuzura mu biyaya mu kuronka ivyo kurya vyabwo, aho biba n'aho bivyarira, guhera ku dukoko dutoduto dushobora kubonwa na rugagamiza, ukaja ku bikere, indagara, inyon, ubuhungarema hamwe n'ibindi bikoko bivyara.

Ivyatsi

Umwuzure utuma ivyatsi vyongera bigakura, bikabaho, bigashiraho aho kuba h'ibinyabuzima, ivyatsi kandi bikazana n'ibifungurwa bibeshaho ibinyabuzima biba aho hantu harengerwa n'amazi

Ibinyabuzima bimwe bimwe nka red gums bizanwa n'imyuzure y'uruzi n'ibiti vyirabura bikurira mu tubweta bitungwa n'imyuzurira igizwe n'amazi menshi yahoze ikunda kubaho uko imyaka cumi cumi iheze. Iudukoko nk'ubuhungarema n'inyoni vyarika mu duce dufukuye tw'ivyo biti.

Ubutunzi bw'aho nyene

Imigambi izoshiramwo amahera atari make muri ako karere, mu kurema ubuzi kandi bugafasha uguteza imbere aho hantu.

Uburorero bw'in'yubako



Tuzovanaho inybako zibuza kw'amazi atembera mu kiyaya, nk'uwu muringoti mutoya ubuza amazi kuja mu bwato uri i Nyah Park.



Ibintu vyo kumenya no gucungera amazi akenewe bizodufasha gugomorera amazi mu biyaya kandi tuyabigumizemwo imbere y'ukwugurura imigende iyasubiza muri nyina.

Ibintu vyo kumenya no gucungera amazi akenewe bizoba birimwo inzira zo gucamwo indagara z'aho hantu kugira ngo zibandanye urugendo rwazo.